



Pou Piblikasyon Imedya: 22/06/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU PWOJÈ LWA SOU SWEN SANTE REPIBLIKEN SENA A

“Pwojè lwa sou swen sante Repibliken Sena (Senate Republican health care bill) a ap kontinye agresyon iltra-konsèvatif la sou Nouyòkè yo ak valè nou yo. Repibliken yo nan Sena a vyole pwomès yo pou yo pwoteje pèp ameriken an epi y ap eseye pase yon mezi lejislatif inimen k ap fè Nouyòkè klas mwayèn yo soufri, fè diskriminasyon kont fi, retire finansman nan men Planned Parenthood, ak vire do bay Ameriken ki pi an danje pou yo viktim yo.

Menm jan avèk pwopozisyon katastwofik Chanm nan, pwojè lwa sa a pral retire asirans nan men plizyè milyon Nouyòkè, koute Eta New York plizyè milya dola, ak devaste sistèm swen sante nou an. Repibliken yo nan Sena a entansifye gè a kont sèvis Medicaid yo alòske Nouyòkè yo konte sou yo. Epi lè li kenbe Amanman enpridan Collins-Faso a, pwojè lwa sa a sible New York ak menase retire yon lòt 2.3 milya dola ankò nan finansman Medicaid pou eta a, sa k ap mennen rediksyon katastwofik nan lopital nou yo, mezon swen enfimye nou yo, ak founisè sèvis swen adomisil nou yo.

Nan New York, nou kwè swen sante se yon dwa imen. Se poutèt sa pi bonè mwa sa a, nou te pran mezi agresif pou garanti kèlkeswa sa ki fèt nan Washington, avantaj sante esansyèl yo pral kontinye rete règ la nan New York, olye de yon eksepsyon. Jodi a mwen kanpe avèk delegasyon nou nan Sena a kont pwojè lwa katastwofik sa a, epi mwen fè apèl a tout Nouyòkè yo pou yo leve vwa yo. Ansanm, nou pral kontinye lite pou kouvèti swen sante bon kalite ak bon mache ak pou pwoteje dwa tout Nouyòkè yo”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418